



Pou Piblikasyon Imedya: 19/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRIM KATRIYÈM KONTRA KONSTRIKSYON POU PWOJÈ VYADIK I-81 TRANSFÒMATÈ NAN VIL SYRACUSE

Konstriksyon an kòmanse nan Community Grid, I ap soulaje anbouteyaj nan lopital, sant travay ak enstitisyon edikatif yo nan vil la

Gwo amelyorasyon kòmanse nan sistèm drenaj Vil la ak Konte a, sa k ap amelyore kalite dlo ak pwoteje Lak Onondaga

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a prim katrizyèm kontra konstriksyon pou Pwojè Vyadik Interstate 81 an k ap pote transfòmasyon an. Sibvansyon kontra 313.5 milyon dola a bay CNY Alliance pral kòmanse konstriksyon sou Community Grid nan tout lari yo sou bò lès Syracuse, nan ansyen katye 15th Ward la. Community Grid la pral ranplase otowout ki wo nan Anba Lavi Syracuse epi li pral soulaje defi anbouteyaj sikilasyon ki egziste deja nan vil la, pandan I ap amelyore aksè pou ale ak soti nan rezo otowout ki relye eta a ak destinasyon kle yo, ki gen ladan distri biznis anba lavi yo, lopital zòn yo, ak enstitisyon edikasyon siperyè yo.

"Li pa echape mwen ke pwochen pwen fokal nan konstriksyon Community Grid la te yon fwa yon kominote k ap pwospere nan fanmi Nwa ak Jwif yo, li te dechire lè I-81 te bati nan kè katye pa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Malgre sa te pran plis pase 60 ane pou rive nan pwen sa a, n ap repara mal pase yo, n ap rekonekte katye yo epi n ap bay nouvo opòtinite pou enklizyon ak ekite nan New York Santral."

Li gen ladan uit kontra separe, katriyèm kontra Pwojè Vyadik I-81 an konsantre sou bay yon koneksyon dirèk ak University Hill, koridò travay, medikal, ak edikasyon siperyè ki pi okipe nan Syracuse la. Plis pase 20,000 anplwaye, pasyan, ak elèv ale nan mòn lan pou travay, nan randevou, oswa nan klas nan youn nan lopital, kolèj, oswa inivèsite vil la.

Kòm yon pati nan katriyèm kontra, yon nouvo echanj pral konstwi sou I-690 nan direksyon lwès nan Crouse Avenue, k ap kreye yon pwen aksè adisyonèl pou vwayajè New York Santral ki destine pou Lopital Upstate University, Crouse Hospital, VA Syracuse Healthcare System, SUNY Upstate Medical University, SUNY College of Environmental Science and Forestry, Syracuse University, oswa JMA Wireless Dome.

Pou akomode ogmantasyon nan sikilasyon, Crouse Avenue pral elaji soti de a twa liy, ak de liy ki dirije nan direksyon nò ak yon liy ki dirije nan direksyon sid.

Anplis de sa, Irving Avenue pral rekonstwi pou akomode sikilasyon ki dirije nan direksyon University Hill. Kounye a, Irving Avenue fini nan East Fayette Street, men kòm yon pati nan katriyèm kontra a, lari a pral pwolonje nan Erie Boulevard East. Lari a pral elaji tou de a twa liy - de liy ki dirije nan direksyon sid, ak yon liy ki dirije nan direksyon nò. Yon nouvo echanj sou I-690 nan direksyon lès rive nan Irving Avenue pwolonje a nan Erie Boulevard East pral konstwi nan fiti sizyèm kontra a, sa k ap bay yon dezyèm pwen aksè pou wayajè banlye k ap monte mòn lan.

Nouvo echanjè yo nan Crouse ak Irving Avenue yo pral soulaje anbouteyaj sikilasyon ki lakòz bouchon kounye a sou I-81 nan direksyon nò ak nan direksyon sid nan echanjè Harrison/Adams yo. Anplis de sa, nouvo pwen aksè yo pral elimine anbouteyaj sou Almond Street (fiti Business Loop 81) ki te koze pa yon foul vwayajè k ap ale nan University Hill.

Travay nan katriyèm kontra a gen ladan tou kòmansman gwo amelyorasyon nan sistèm drenaj Syracuse la ak Konte Onondaga, separe dlo lapli ak ekoulman egou sanitè. Apre 2,200 pye lineyè, prèske yon demi km, nan liy prensipal drenaj yo pral enstale sou Erie Boulevard East, ant Almond Street ak University Avenue, ki separe risèlman dlo lapli ak ekoulman dlo egou nan vil la. Dlo lapli a pral kouri nan Onondaga Creek epi dlo egou yo pral nan etablisman tretman dlo ize Konte Onondaga pou tretman chimik.

Kounye a, sistèm dlo egou siklòn vil la ak konte a konbine ansanm ak sistèm k ap koule nan etablisman tretman dlo ize Konte Onondaga kote yo trete yo chimikman epi yo tounen dlo pwòp. Lè w separe dlo lapli ak dlo egou sanitè, li diminye kantite ekoulman egou nan sistèm nan, anpeche twòp chaj, epi redwi kantite pwodui chimik ki nesèsè pou tretman an.

Yo pral retire yon total de 20 a 30 milyon galon debòdman egou konbine nan sistèm drenaj vil la kòm rezilta pwojè a, pou sipòte efò kontinyèl Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal Dlo Konte Onondaga pou separe sistèm egou a, ki finalman ede avèk òdonans konsantman etablisman an ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) k ap netwaye Onondaga Lake ak Onondaga Creek.

Eleman anplis nan katriyèm kontra yo genyen ladan yo:

- Reyalizasyon I-690 kòm rezilta nouvo echanjè a nan Crouse Avenue ak pwochen echanjè nan Irving Avenue.
- Ranplasman de pon sou I-690 sou Lodi Street ak Crouse Avenue pou aliye ak Interstate la.

- Rekonstriksyon ak refè sifas sèt lòt lari vil yo pou akomode chanjman nan kontra 4, ki gen ladan kèk pòsyon nan Erie Boulevard; Burnet Avenue ak Walnut Avenue; East Fayette, Canal, Lodi, ak East Water Streets.
- Sekirite, mobilite ak aksè ak koridò amelyore pou tout laj ak tout kapasite lè yo konstwi ekipman ki aksesib ak ADA pou pyeton ak siklis yo, ki gen ladan liy pou bisiklèt yo deziyen yo, chemen pou itilizasyon pataje, nouvo twotwa ak pasaj pou pyeton ak poto pou pyeton.
- Amelyorasyon sekirite ak sikilasyon nan entèseksyon yo, ak nouvo siyal deteksyon videyo skilasyon sou poto bra ma pou anpeche machin yo pase sou limyè wouj.
- Aksè ak pakin nan lari yo sou Irving Avenue ki fèk pwolonje a.
- Enstalasyon baryè pou bri sou I-690 nan uit kote ki toupre entèseksyon Crouse Avenue, Teall Avenue ak Midler Avenue.

Sa gen yon ane nan mwa sa a, Gouvènè Hochul, ansanm ak lidè federal, eta ak lokal yo te kòmanse travay sou Pwojè Vyadik I-81 an. Pi gwo kontra konstriksyon youn ak de ap dewoule epi esansyèl pou kenbe yon koneksyon ant eta yo a gwo vitès avèk wout komès nasyonal ak entènasyonal nò-sid soti nan Tennessee rive nan fwontyè Kanadyen an. Ansanm, yo konsantre sou rekonstriksyon echanjè I-81/I-481 ki egziste deja nan nò ak sid nan BL 81 ak I-81.

Nan mwa me ane sa a, yo te akòde twazyèm kontra a, ak konstriksyon ki monte nan lari vil yo sou bò nò ak Inner Harbor. Travay yo gen ladan twa pon ranplasman ki konekte bò nò a ak Inner Harbor, yon nouvo echanjè ki amelyore direksyon sid nan North Clinton Street sou pwochen Business Loop 81 an, ak yon North Clinton Street rekonstwi ki pral gen ladann ekipman pou pyeton ak siklis.

Pwojè inovatè vyadik I-81 an fè pati angajman san parèy Gouvènè Hochul pou modènize enfrastrikti Eta New York ak investi nan pwojè ki pwomouvwa ekite, konektivite ak opòtinite transpò milti-modal pou kominote yo toupatou nan eta a. Plan Kapital Eta NYSDOT 33 milya dola ki te adopte an 2022 a ede akonpli vizyon Gouvènè a pou yon sistèm transpò modèn ki sèvi Nouyòkè yo atravè eta a. Pwojè a pral finanse avèk yon melanj resous federal ak eta.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Ak konstriksyon k ap kòmanse nan 15èm Awondisman istorik ki koupe pa konstriksyon vyadik I-81 an, nou ap franchi yon etap pi pre pou demoli estrikti ki te lakòz doule ak soufrans pandan plizyè jenerasyon epi nou kòmanse retabli lespwa pou moun ki abite nan New York Santral yo. Pwojè sa a, ki te dirije pa kominote a, se yon rapèl gwo bagay ke yon enfrastrikti transpò re-imagine kapab fè – amelyore kalite lavi, amelyore sekirite piblik ak fasilite devlopman ekonomik lokal."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Gras ak Lwa sou Enfrastrikti & Travay Bilateral la, n ap peze gaz sou transfòmasyon I-81 Syracuse a ak 4èm kontra a yo akòde kounye a, sa ki mennen nou nan yon etap pi pre pou reyalize vizyon vil la pou

yon rezo kominotè ki pi byen konekte Syracuse ak yon avni ki pi briyan. Kontra sa a pral ede amelyore enfrastrikti dlo vil la, soulaje anbouteyaj sikilasyon nan anba lavil Syracuse epi konekte 15èm Awondisman Istorik Syracuse la ak University Hill, sa ki rann li pi fasil pou plizyè dizèn milye moun vwayaje ale nan travay, lekòl, randevou doktè ak plis ankò", Senatè Schumer te deklare. "Pwojè sa a se egzakteman sa mwen te gen nan tèt mwen lè m te dirije Lwa sou Enfrastrikti ak Travay Bilateral la, epi mwen fyè kontra enpòtan ki koute 313 milyon dola sa a, pral investi nan Syracuse pou rekonekte kominote a epi kreye travay konstriksyon ki byen peye. Mwen rekonesan pou patenarya Gouvènè Hochul ki byen sèvi ak finansman federal sa a pou konstwi pi bon avni ki briyan Syracuse merite a."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Sa a se yon lòt etap enpòtan pou Pwojè Vyadik I-81 transfòmatif la, ki se pi gwo pwojè nan istwa NYSDOT. Mwen trè kontan pou m wè konstriksyon kòmanse sou rezo kominotè a ak kontra sa a, ki pral soulaje anbouteyaj sikilasyon pou bò lès Syracuse la. Pwojè Vyadik I-81 la pral pote amelyorasyon yo te vle depi lontan nan enfrastrikti ak sekirite wout nan zòn nò ak Inner Harbor Syracuse, epi mwen fyè dèske m te goumen pou m sekirize resous ki nesèsè pou ede revitalize ak rekonekte Syracuse."

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Reyabilitasyon I-81 la pral amelyore aksè, soulaje anbouteyaj ak polisyon lè nan 15èm Awondisman pandan y ap ankouraje kwasans entelijan nan ak alantou Syracuse. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak ekip li a paske yo reyalize yon lòt I-81 ak etap enpòtan lè yo akòde katriyèm kontra konstriksyon an – yon lòt gwo etap pou yon avni ki pi byen konekte ak an sante pou New York Santral."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Se bèl bagay pou w wè inogirasyon epi pwojè I-81 an ap dewoule. Pandan dènye kontra a akòde, nou bezwen kontinye reyenvesti nan kominote a epi asire ke moun ki afekte negativman pa vyadik la benefisye bon jan kalite travay pwojè a ak amelyorasyon nan konsepsyon. Li enpòtan anpil pou nou jwe yon wòl aktif nan transfòmasyon sa a pou n avanse Syracuse nan yon avni ki pi briyan. Lidèchip Gouvènè Hochul te yon bagay ki enpòtan, epi mèsè ak kòlèg mwen yo pou sipò inestimab yo."

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Anons Gouvènè Hochul sou katriyèm kontra konstriksyon pou Pwojè Vyandik I-81 transfòmatif la make yon etap enpòtan pou Vil Syracuse. Investisman 313.5 milyon dola sa a pral non sèlman soulaje anbouteyaj sikilasyon an, men tou li pral rekonekte kominote nou yo lè li ranplase otowout elve a ak Community Grid la. Lè yo amelyore aksè nan destinasyon kle yo tankou distri biznis anba lavil yo, lopital zòn yo, ak enstitisyon edikasyon siperyè yo, pwojè sa a pral amelyore anpil kalite lavi rezidan yo ak sipòte vitalite ekonomik vil nou an. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li pou revitalize Syracuse ak abòde bezwen enfrastrikti kominote nou an."

Majistra Vil Syracuse lan, Benjamin Walsh, te deklare, "Mwen kontan Pwojè Vyadik I-81 la ap dewoule epi travay ap kòmanse sou Community Grid la. Grid la pral amelyore

mobilité ak aksè pou pyeton, siklis, ak chofè, epi sitou, pral rekonekte katye nou yo ak rezidan yo", deklarasyon Majistra Walsh. "Pwojè a pral amelyore kalite lavi ak ogmante opòtinite ekonomik nan tout katye Syracuse, espesyalman pou moun k ap viv nan lonbraj vyadik la ki te blese nan I-81 pandan plis pase mwaye yon syèk. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Komisè Dominguez ak ekip NYSDOT pou sipò kontinyèl yo nan pwojè transfòmasyon sa a."

Suiv Pwojè Vyadik I-81 an sou X (ansyen Twitter): @NYSDOTI81. Jwenn nou sou Facebook nan [facebook.com/NYSDOTI81](https://www.facebook.com/NYSDOTI81).

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Se misyon Depatman Transpò Eta New York pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta New York.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)